

BHUKU REKUTUNGAMIRA

MHURI

BHUKU REKUTUNGAMIRA

MHURI

Rakashambadzwa
NeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira
Salt Lake City, Utah

© 1992, 1999, 2001, 2006 neIntellectual Reserve, Inc.
Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino
Chakadhindwa muUnited States of America

Mvumo yekushambadzwa muChirungu: 2/06
Mvumo yekududzirwa: 2/06
Dudziro ye*Family Guidebook*
Shona 31180 731

Zvirimukati

“Mhuri: Chiziviso kuNyika”	iv
Hurongwa neChinangwa cheMhuri	1
Kudzidzisa Vhangeri Mumba	4
Kuzadzikisa Mabasa eMhuri	13
Kudzidzira Hutungamiri	17
Kuita Svondo dzeKunamata Kumba (ZveMhuri Dzinogara muNzvimbo Dziri Kwadzo Dzega Kure neChechi)	18
Zvisungo neMaropafadzo eHupirisita	20
Kuwana Zvekushandisa zveChechi neKutsvaga Ruzivo Pamusoro peNhorondo yeMhuri	28

“Mhuri: Chiziviso kuNyika”

Muna 1995, Vatungamiri Vekutanga neChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri vakaburitsa mashoko anoti “ Mhuri: Chiziviso kuNyika.” Chiziviso ichi iziviso uye isimbiso yedzidziso netsika idzo vaporofita dzavakataura kasingaperi munhoroono yose yeChechi. Chine misimbote yakakosha kurufaro nemagariro akanaka emhuri yega-yega. Nhengo dzemhuri dzinofanira kudzi-dza chiziviso ichi uye dzinofanira kutevedza mitemo yacho.

“Isu, Vatungamiri Vekutanga neDare reVaapositori vaneGumi neVaviri veChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, tinozivisa nechiremera kuti muchato pakati pemurume nemukadzi unogadzwa naMwari uye kuti mhuri yakakosha kuchirongwa cheMusiki chemagumo ekusingaperi evana Vavo.

“Vanhu vese—vanhurume nevanhukadzi—vakasikwa mumufananidzo waMwari. Mumwe nemumwe mwanakomana kana mwanasikana wemweya anodiwa wevabereki vekudenga, uye, naizvozvo, mumwe nemumwe ane hunhu hutsvene nemagumo matsvene. Kuva murume kana mukadzi hunhu hwakakosha hwemazivikanirwo ako nechinangwa chako usatiwava pano pasi, wava-pano pasi, uye nekusingaperi.

“Muushe Hwataigara tisati tauya pano pasi vanakomana nevanasikana vemweya vaiziva uye vainamata Mwari saBaba vavo Vekusingaperi uye vakagashira chirongwa Chavo chaita kuti vana Vavo vakwanise kuwana muviri wenyama nekuwana ruzivo rwepanyika rwekufambira

mberi kuururami nokuzopedzisira mukuwana magumo avo matsvene eupenyu husingaperi. Chirongwa chitsvene cherufaro chinokwanisa kuti ukama hwemhuri huenderere mberi kupfuura guva. Zvisungo nezvibvumirano zvinoera zvinowanikwa mumatemberi matsvene zvinoita kuti vanhu vakwanise kudzokera pamberi paMwari uye nekuti mhuri dzibatandzwe zvisingaperi.

“Murairo wekutanga wakapihwa naMwari kuna Adama naEva wakanga uri maererano nekwaniso yavo yehubereki semurume nemudzimai. Tinozivisa kuti murairo waMwari wekuti vana Vavo vawande vazaze nyika unoramba uripo. Tinozivisa zvakare kuti Mwari vakaraira kuti masimba anoera ekusika anofanira kushandiswa chete pakati pemurume nemukadzi, vakachata zviripamutemo semurume nemudzimai.

“Tinozivisa kuti nzira inosikwa nayo upenyu hunofa yakadomwa zvitsvene. Tinosimbisa hutsvene hweupenyu nekukosha kwahwo muchirongwa chaMwari chekusingaperi.

“Murume nemudzimai vanebasa rakakosha rekudanana nekuchenge-tana ivo pamwepo nevana vavo. Vana inhaka yaIshe (Mapisarema 127:3). Vabereki vane basa rinoera rekurera vana vavo murudo nemuururami, rekuvapa zvavanoda zvenyama nezvemweya, kuvadzidzisa kudanana nekushandirana, kuteerera mirairo yaMwari nekuva vagari venyika vanoteerera mirau kwese kwavango-gara. Varume nemadzimai—vanaamai nanababa—vachazvidavirira pamberi paMwari pamaitirwo esungiro idzi.

“Mhuri yakagadzwa naMwari. Muchato pakati pemurume nemuka-dzi wakakosha kuchirongwa Chavo chekusingaperi. Vana vanekodzero yekuzvarwa nababa naamai vanoku-dza tsidziro dzemuchato nekuvi-mbika kuzere. Rufaro muupenyu hwemhuri runogona kuwanikwa kazhinji kana rwakamiswa padzi-dziso dzaIshe Jesu Kristu. Muchato nemhuri yakabudirira zvakamiswa uye zvinochengetwa pamisimboti yerutendo, munamato, rutendeuko, ruregerero, rukudzo, rudo, nyasha, basa, nemitambo yekuzvifadza yaka-naka. Nehurongwa hutsvene, vana-baba vanofanira kutungamira mhuri

dzavo murudo neururami uye ndivo vanebasa rekupa mhuri dzavo zvino-dikanwa zveupenyu nedziviro. Vanaamai basa ravo kunyanya ndere-kuchengegeta vana vavo. Mumabasa anoera aya, vanababa naanaamai vanosungirwa kubatsirana semurume nemukadzi vakaenzana. Kuremara, rufu, kana mamwe mamiriro anga-ngoda shanduro yemaitiro. Veukama vemhuri vanofanira kupa tsigiro pai-nodikanwa.

“Tinoyambira kuti vanhu vanotyora zvimbumirano zvekuzvibata, vano-bata zvisakanaka mukadzi kana murume wavo kana vana, kana avo vanotadza kuzadzikisa mabasa emhuri vachamira rimwe zuva pamberi paMwari vachizvidavirira. Zvakare, tinoyambira kuti kuparara kwemhuri kuchaunza pavanhu, pamamana, nemarudzi matambudziko akafanota-urwa nevaporofta vakare nevazvino.

“Tinokumbira vagari venyika nevatu-ngamiri vehurumende vakavimbika kwese-kwese kuti vakurudzire mitemo iyoyo yakarongerwa kuchengegeta neku-simbisa mhuri sechikamu chinokosha chevanhu” (*Ensign*, Mbudzi 1995, 102).

Hurongwa neChinangwa cheMhuri



Hurongwa

Mhuri inoera muChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira uye chikamu chevanhu chinokoshesa munguva nekusingaperi. Mwari vakamisa mhuri kuti vaunze rufaro kuvana Vavo, kuti vakwanise kudzidza misimboti kwayo munzvimbo



yerudo, uye nekuvagadzirira upenyu hwokusingaperi.

Mumba ndiyo nzvimbo yakanakisisa yekudzidzisa, yekudzidza, nekushandisa misimboti yevhangeri. Ndimomunodzidzwa nevanhu kuwana zvekudya, mbatya, pokugara, nezvimwe zvinodikanwa zvavanoda. Baba naamai, semurume nemukadzi vakanzana, vanofanira kubatsira nhengo yemhuri yega-yega:

- Kutsvaga chokwadi nekukudzidzira rutendo munaMwari.
- Kutendeuka kuzvitadzo, kubhabhatidzirwa ruregerero rwezvitadzo, kuva nhengo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, nekugashira Mwewa Mutsvene.

- Kuteerera mirairo yaMwari, kudzi-dza magwaro matsvene zvakasi- mba, kuita minamoto yake pachake mazuva ese, nekushandira vamwe.
- Kugoverana vhangeri nevamwe.
- Kuwana endaumendi nekuchata mutemberi kumufambidzani aka- kodzera zvekusingaperi, kuita imba yemhuri inerufaro, nekutsigira mhuri nerudo nekuzvipira.



- Kutsvaga ruzivo pamusoro pema- dzitateguru akafa nekuvaitira zvi- sungo zve mutemberi.



- Kupa kudya kunodikanwa kwehu- tano hwemweya, hwekugarisana, hwenyama nehwepfungwa.

Baba vanotungamira mhuri uye vane basa rekudzidzisa vana nekupa mhuri zvinodikanwa zveupenyu. Baba

vakakodzera muChechi vane mukana wekuva nehupirisita, hunova simba nemvumo yokuita zvinhu muzita raMwari. Nesimba nemvumo iyi, baba vanova mutungamiri wehupirisita mumhuri yavo. Vanotungamira mhuri yavo mukugadzirira kudzokera pamberi paBaba vedu Vekudenga. Mudzimai wavo ndiye mufambidzani, mubatsiri, nemurairi anokoshesesa. Murume nemudzimai vanofanira kura- irana pamwechete pazvinhu zvese zvirira maererano nemhuri neimba.

Baba vanofanira kupa zve mweya zvi- nodikanwa zve mhuri yavo. Vanofanira kuona kuti vadzidziswa vhangeri raJesu Kristu uye vanofanira kuita zvose zvavanokwanisa kuvakurudzira nekuvabatsira kuteerera mirairo yaIshe.

Baba vane hupirisita vanokwanisa kuro- pafadza nhengo dzemhuri yavo neku- vava zve mweya zvavo zvavanoda. Nemvumo yehupirisita hwakakodzera uye *nevumo kubva kumutungamiri wavo wehupirisita*, baba vanokwanisa:

1. Kupa zita nekuropafadza vana.
2. Kubhabhatidza vana (nevamwe).
3. Kusimbisa vana (nevamwe) kuva nhengo dzeChechi nekupa kwavari Mweya Mutsvene.
4. Kupa hupirisita pavanakomana vavo (nevamwe) uye nekuvagadza kuzvigaro muhupirisita.
5. Kuropafadza nekufambisa sakara- mendi.
6. Kupira makuva.

Pasina mvumo kubva kumutungamiri wavo wehupirisita, baba vane hupirisita

hwaMerkizedeki vanokwanisa kuro-pafadza mafuta uye vachiro-pafadza nhengo dzemhuri yavo nevamwe pavanenge vachirwara uye vachivapa ropafadzo dzinokosha panedzimwe nguva pazvinenge zvichidikanwa. (Ona peji 20–27 mubhuku rekutunga-mira rino nezverairo pamusoro pekuita zvisungo zvehupirisita nema-ropafadzo.)

Baba vanofanira kuona kuti mhuri yavo inotora chinhanu zvakasimba mumabasa matatu anokosha aya:

1. Gadziriro yezvemweya nezvenyama yemunhu pachake neyemhuri.
2. Kugovera vhangeri.
3. Nhorooondo yemhuri nezvisungo zvetemberi zvevapanyu nevakafa.

Amai mubatsiri nemurairi akaenzana kumurume wavo. Vanomubatsira kudzidzisa vana vavo mitemo yaMwari. Kana mumba musina baba amai vanotungamira mhuri.

Baba naamai vanofanira kuva mumwechete muchinangwa. Vavairo yavo inofanira kuva yekugadzirira nhengo dzese dzemhuri kudzokera kuna Baba vedu Vekudenga. Vanofanira kubatana apovanoshanda vakana-nga vavairo iyi. Ishe vakamisa Chechi kubatsira vanababa navanaamai kudzi-dzisa nekuchengeta mhuri dzavo.

Vana pavanouya mumhuri, vabereki vanofanira kuvada, kuvadzidzisa zvokwadi zvehangeri, nekuva mien-zaniso yekurarama kwakarurama. Vana vanofanira kudzidza nekuchengeta mirairo yaMwari. Vanofanira kukudza nekuteerera vabereki vavo.

Kusimba kweChechi kuri maererano nemhuri nevanhu vanorarama vha-ngeru raJesu Kristu. Mwero wekunaki-rwa kwemhuri neparopafadzo evha-ngeru uri maererano zvikuru nokuti baba naamai sevabereki vanonzwisisa nekuita mabasa avo ekutanga zvaka-naka zvakadii. Chechi haina china-ngwa chekupa kunanababa nanaamai zvirongwa kana mabasa anozovakurira kana kuvaoresa mwoyo kana kuvako-nzera kusaita mabasa aya akakoshesa.

Chinangwa

Nokuti Baba vedu Vekudenga vano-tida, Vanoda kuti tive takasimudzirwa sezvaVari. Kuti vatibatsire, Vakati-pa chirongwa chekutevera chirimaererano nemitemo mitsvene yechokwadi. Avo vanodzidza nezvehirongwa ichi vachichitevera zvakatendeka vanokwa-nisa rimwezuya kuzova saBaba vedu vari Kudenga uye nokuzonakirwa nerudzi rweupenyu rwaVanorarama.

Chikamu chechirongwa chacho chaiva chekuti isu tibve kudenga tiuye kun-yika. Pano tinowana muviri wenyama, todzidza kuburikidza neruzivo rwati-nowana, tozviratidza kuti takakodzera kugarazve pamberi paMwari. Tinozvi-ratidza kuti takakodzera nekuzvisaru-dzira kuchengeta mitemo Yavo. (Ona Abrahamu 3:23–25; 2 Nefi 2:27.)

Kutibatsira kuti tizvigadzirire kuupe-nyu Navo, Baba vedu Vekudenga vakatironga kutiisa mumhuri. Kubu-rikidza nezvisungo nezvibvumirano zvinoera, mhuri dzedu dzinokwanisa kubatana nokusingaperi.

Kudzidzisa Vhangeri Mumba



Kudzidzisa Vana neTsitsi neRudo

Ishe vakaraira vabereki kuti vadzidzise vhangeri kuvana vavo. Vakati:

“Kana vabereki vaine vana muZioni kana muhoko dzeZioni dzakarongwa votadza kuvadzidzisa kunzwisisa dzidziso dzerutendeuko; rutendo muna-Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari vapenyu; nerubhabhatidzo nechipo cheMweya Mutsvene nekuisa maoko, pavanenge vavamakore masere, chitadzo chacho chinozova pamusoro pevabereki.

“Uyu unozova mutemo wevagari muZioni kana muhoko ipi zvayo yakarongwa yeZioni.

“Vana vavo vachazobhabhatidzirwa kuregererwa zvitadzo zvavo pavanenge vave makore masere, uye vachazogashira kuiswa maoko pamusoro.

“Uye vabereki vachadzidzisawo vana vavo kunamata nekufamba zvakatasuka pamberi palshu.” (ona D&C 68:25–28).

Vabereki vanofanira kudzidzisa netsitsi nerudo, vachiyeuka rairo yeMupositori Pauro “yekurera [vana vavo] pakuranga nokuraira kwaShe” (Vafeso 6:4).

Kudzidza Magwaro Matsvene kweMhuri

Tinokwanisa kuva saBaba vedu Vekudenga tichinakirwa nerudzi

rweupenyu rwaVanorarama chete nekuchengeta mitemo yakamisirwa ropafadzo iroro (ona D&C 130:20–21). Tisati tararama nemitemo iyoyo, tinofanira kuziva kuti ndeipi. “Hazvikwanisike kuti munhu aponeswe mukusaziva” (Ona D&C 131:6).

Jesu Kristu ndiye mutungamiri wedu nemupi wemutemo. Anoziva nzira nemitemo yatinofanira kuchengeta, uye akakoka mumwe nemumwe wedu kuti tiMutevere. Akati, “Ndini nzira, nezvokwadi noupenyu; hapanomunhu unouya kunaBaba, asi nokwandiri” (Johane 14:6). Kutitive-saBaba vedu Vekudenga uye tidzokere kwaVari, tinofanira kudzidza dzidziso dzaJesu uye todzitevera. Tine magwaro matsvene ekutibatsira kudzidza nezveupenyu, dzidziso, nemirairo yaJesu Kristu.

Mabhuku mana anotambirwa neCheschi semagwaro matsvene ndeaya Bhairi, Bhuku raMormoni, Doctrine and Covenants (Dzidziso neZvibvumirano), nePearl of Great Price (Dombo reMutengo Mukuru). Anotsanangura mitemo yevhangeri nemwero watinogona kuyera nawo pfungwa dzose, zviito zvose, nedzidziso dzose. Anotibatsira kudzidza pamusoro peupenyu nedzidziso dzaJesu Kristu uye anotipamienzaniso yevanhu vaive nerutendo munaMwari uye vakachengeta mirairo Yavo.

Jesu akatidzidzisa kunzvera nekudzidza magwaro matsvene (ona Johane 5:39; 3 Nefi 23:1; D&C 88:118).

Mhuri dzinofanira kudzidza magwaro matsvene pamwechete nguva nenguva kuti vadzidze neku-tevera dzidziso dzaIshe. Vabereki vanofanira kuunganidza mhuri dzavo pamwechete panguva yakafanana zuva rega-rega kuti vaverenge nekukurukura magwaro matsvene. Nhengo yemhuri yega-yega inokwanisa kuverenga inofanira kuva nemukana wekuverenga kubva mumagwaro matsvene.



Nhengo yemhuri ingangopa munamato kuverengwa kwemagwaro matsvene kusati kwatanga ichikum-bira Baba Vekudenga kuti varopafadze mumwe nemumwe kuti anzwisise zvinoverengwa uye kuti awane uchapupu hwazvo. Mhuri dzingangoda kuita munamato wadzo wemhuri mushure mekuverengwa kwemagwaro matsvene.

Apo mhuri padzinoverenga nekufungisisa zvinyorwa zvitsvene, vano-zoda kuva seMuponesi uye vanozowana rufaro rukuru nerunyararo muupenyu hwavo.

Minamoto yeMunhu Ega nyeMhuri

Munwe nemumwe wedu anofanira kudzidza kutaura naBaba vari Kudenga kuburikudza nemunamoto. Vanotida uye vanoda kuti titaure Navo. Vanoda kuti tiVatende nemaropafadzo edu nekukumbira rubatsiro Rwavo nenhungamiro Yavo. Vanozotibatsira patinokumbira. Minamoto mizhinji inopihwa nemisoro yedu yakakotamiswa nemaziso edu akavharwa tiri takapfugama, takagara, kana takamira.

Tinofanira kuyeuka misimboti mina inokosha patinonamata:

1. Tinotanga minamoto yedu nekutaura kuna Baba vedu vari Kudenga: “Baba vedu vari Kudenga...”
2. Tinotenda Baba vedu vari Kudenga nezvinhu zvaVanotipa: “Tinokute ndai...”
3. Tinovakumbira rubatsiro rwatinoda: “Tinokukumbirai...”
4. Tinovhara munamoto wedu nemuzita reMuponesi: “Nemuzita raJesu Kristu, ameni.”

Minamoto yedu haingofanira kugara ichitevedza nhano ina dzese idzi, asi kuvanadzo mupfungwa kunozotibatsira kudzidza kunamata. Tinofanira kugara tichitanga nekupedzisa minamoto yedu nenhano yekutanga neyakupedzisira asi zvatinotaura pakati zvinenge zviri maererano nezvatinozwa kuti zvakakosha. Dzimwe nguva tingangoda kupedza munamoto wedu muzhinji tichitenda Baba vedu Vekudenga. Panedzimwe nguva

tingade kupedza munamoto wedu muzhinji tichikumbira rubatsiro Rwavo.



Minamoto yeMunhu Ega

Munhu ega-ega anofanira kunamata pachake kamwechete mangwanani nemanheru. Vabereki vanofanira kudzidzisa vana kupa minamoto yavo pachavo pavanongotanga kutaura. Vabekerki vanokwanisa kudzidzisa vana manamatiro nekupfugama navo nekuvaita kuti vadzokorore mutsetse mumwechete panguva imwechete. Nechinguva vana vanozokwanisa kupa minamoto yavo pachavo.

Minamoto yeMhuri

Mhuri yese inofanira kuva nemunamoto wemhuri mazuva ese. Mhuri yese inopfugama pamwechete, uye mutungamiri wemhuri anopa munamoto wacho kana kukumbira nhengo yemhuri kuti inamate. Munhu wese anofanira kuwana mukana nguva nenguva wekupa munamoto. Vana

vadiki vanokwanisa kuwana nguva yavo nevabereki vavo vachivabatsira. Nguva yemunamato wemhuri inguva yakanakisa yekudzidzisa vana manamatiro nekudzidzisa misimboti yakaita serutendo munaMwari, kuzvininipisa, nerudo.



Minamato Yakakosha

Vabereki vanofanira kudzidzisa vana vavo kuti Mwari vanogara vakagadzirira kunzwa minamato yavo. Pamusoro peminamato yenguva dzose yemunhu ega neyemhuri, vanokwanisa kunamata panguva yese-yese yavanoda rubatsiro rwakakosha kana yavanoda kutenda.

Kuropafadza Kudya



Vabereki vanofanira kuona kuti nhengo dzemhuri dzinodzidza kutenda Mwari nezvokudya zvavo nekuVakumbira kuti vazviropafadze vasati vadya. Munhu ega-ega, kusanganisira vana vadiki, anofanira kuwana nguva yekupa ropafadzo. Kupa munamato weropafadzo pakudya kunobatsira vabereki nevana kudzidza kutenda kuna Baba vedu Vekudenga.

Nguva yeMhuri Pamba Manheru

Nguva yemhuri pamba manheru ndeye munhu wese, kusanganisa mukadzi nemurume vachangochata, vanababa navanaamai vanevana, vabereki vasina murume kana mukadzi vane vana, vabereki vasina vana pamba, vanhu vakuru vasina kuchata vari muzvikwata zvenguva yepamba manheru, neavo vanogara vega kana nevamwe. Munhu wese, zvisinei nemamiriro ezvhinhu ake, anozoropafadzwa nekuva nenguva dzemhuri pamba manheru. Chechi inochengeta Muvhuro manheru usina mimwe mitambo kana misangano inoitwa kuitira kuti mhuri dzikwanise kuva-pamwechete kuitira nguva yemhuri pamba manheru.



Vatungamiri Vekutanga vakati: “Tino-kuvimbisai maropafadzo makuru kana mukazotevera kurairo yaIshe nokuita nguva yemhuri pamba manheru nguva nenguva. Tinonamata nguva dzose kuti vabereki vari muChechi vanozotambira basa ravo rekudzidzisa nekuratidza misimbotti yevhangeri kuvana vavo. Mwari vagokuropafadzai kuti mushinge mubasa iri rinokosha zvikuru” (“Message from the First Presidency,” *Family Home Evening Resource Book* [1983], iv).

Sababa vemhuri yavo, baba vanotungamira panguva yemhuri pamba manheru. Pasina baba, amai vanotungamira. Vabereki vanotungamira kana kuti vanosarudza nhengo yemhuri kuti itungamire nguva yemhuri. Vanodzidzisa chidzidzo kana kupa kudzidzisa kuvana vakura zvekukwanisa kudzidzisa. Wese munhu akura anofanira kuwana mikana yekutora chinhanho. Vana vaduku vanokwanisa kubatsira munzira dzakaita sekutungamira mumhanzi, kutapa zvinyorwa zvitsvene, kupindura mibvunzo, kubata mifananidzo, kupa zvokudya, nekunamata.

Anotevera maitirwo akapfupikiswa enguva yemhuri pamba manheru:

- Rumbo rwekuzarura (nemhuri)
- Munamato wekuzarura (nenhengo yemhuri)
- Detembo kana kuverenga chinyorwa chitsvene (nenhengo yemhuri)
- Chidzidzo (nababa, amai, kana mumwe mwana mukuru)

- Mutambo (uchitungamirirwa nenhengo yemhuri uye nemhuri yose ichitora chinhanho)
- Rwiyo rwekuvhara (nemhuri)
- Munamato wekuvhara (nenhengo yemhuri)
- Zvekudya

Mhuri inokwanisa kuva nenguva yemhuri pamba manheru nedzimwe nzira dzakawanda dzakasiyana. Mutambo wese-wese unounza mhuri pamwechete unosimbisa kudanana kwavo, unobatsira kuswera pedyo naBaba Vekudenga, uye unovakurudzira kurarama zvakarurama unokwanisa kuva nguva yemhuri pamba manheru. Mienzaniso yemitambo yakadaro inosanganisa kuverenga magwaro matsvene, kukurukura nezvevhangeri, kugoverana uchapupu, kuita basa rekushandira vamwe, kuimba pamwechete, kuenza kupikiniki, kutamba mitambo yemhuri, nekufamba musango. Dzese nguva dzemhuri pamba manheru dzinofanira kusanganisa munamato.

Zvidzidzo zvenguva dzemhuri pamba manheru zvinokwanisa kuva maererano nezvinyorwa zvitsvene; dzidziso dzevaporofita vemazuva ekupedzisira, kunyanya nhaurwa dzemusangano mukuru weChechi yose; ruzivo rwemunhu pachake neuchapupu. Zvidzidzo zvizhinji zvinofanira kuva maererano nekuzvarwa, upenyu, dzidziso, nerudzikinuro rweMuponesi. *Gospel Principles (Misimbotti yeVhangeri)*, *Gospel Fundamentals, True to the Faith, For the Strength of Youth*,

nemamagazini eChechi zvine zvinyorwa nerumweruzivo pamusoro penyaya dzakawanda zvinogona kushandiswa sechikamu chezvidzidzo zvinguva yemhuri pamba manheru.

Anotevera mazano enyaya dzekukurukura dzinguva yepamba manheru

- Chirongwa cheruponeso
- Upenyu nedzidziso dzaJesu
- Rutendeuko
- Munamoto
- Kutsanya
- Shoko reUchenjeri
- Mwero waIshe wehunhu hwakanaka
- Kukosha kwesakaramendi
- Chegumi
- Kutenda
- Kuvimbika
- Ruremekedzo kunaMwari nerukudzo rwezvisikwa Zvavo
- Kugadzirira rubhabhatidzo, kugadzwa hupirisita, kana muchato
- Kugadzirira kupinda mutemberi
- Kuverenga magwaro matsvene
- Kuchengeza zuva reSabata riri dzvene
- Kuregerera vamwe
- Kuwana nekugova uchapupu
- Kugoverana vhangeri nevamwe
- Kuunganidza nhoroondo dzemhuri

- Kunzwisisa nekutambira rufu
- Kugadzirisa matambudziko emhuri
- Kuchengeza mari dzemhuri
- Kugoverana basa remhuri remumba
- Kuyemura nekunakirwa nemumhanzi

Mazororo neNguva Dzinokosha

Mazororo nenguva dzinokosha, dzakaita seKirisimasi; Pasika; mhemberero yekudzorerwa kwehupirisita; misangano mikuru; kuenda kwenhengo yemhuri kuushumiri; kana kuzvarwa, rubhabhatidzo, kana kugadzwa kwenhengo yemhuri, zvinokwanisa kuva mikana yakanakisa yekudzidzisa chokwadi chevhangeri.

Chegumi neMipiro



Ishe vakaraira vanhu vavo kuti vachengeze mutemo wechegumi vagokodzera maropafadzo akavimbiswa (ona Muporofita Maraki 3:8–11).

Nguva yakanakisisa yevabereki yekudzidzisa mutemo wechegumi nemipiro

inguva yavanobhadhara zvavo. Vana vanotevedzera zvavanoona vabereki vavo vachiita. Vana vanotambira mari yemuhomwe vanofanira kubhadhara chegumi pairi. Mwana ega-ega anofanira kuva nemagaba matatu emari: rimwechete rechegumi, rimwechete reushumiri, nerimwechete remari yekushandisa. Panguva yega-yega vana pavanowana mari, vanofanira kudzidza kuisa chikamu chegumi rimwechete kubva muzana mugaba rechegumi kutanga, zvino imwe mari mugaba reushumiri, uye, yasara voisa mugaba remari yekushandisa.

Vana pavanobhadhara chegumi, vabereki vanofanira kuvadzidzisa kunyora parusiti rwechegumi, voisa muemvuropu nemari yacho, vopa kana kutumira kunhengo yehubhishopi kana yehutungamiri hwebazi. Mhuri dzinogara kunzvimbo iri kure nechechi vanofanira kupa chegumi kumutungamiri wavo wehupirisisa wavakasarudzirwa.

Hurukuro dzeNguva yeKudya

Nguva dzekudya dzinokwanisa kuva nguva dzakanaka dzekutaura nezvevhangeri. Vana vadiki vanoda kubvunza nekupindura mibvunzo yevhangeri. Kana vasingazive mhinduro, baba kana amai vanokwanisa kupa mhinduro pfumi vachidzidzisa vhangeri. Hayisi yese nguva yekudya inofanira kusanganisa hurukuro yevhangeri, asi hurukuro yakadai kaviri kana katatu pasvondo inokwanisa kubatsira mhuri kudzidza vhangeri.

Nyaya dzeNguva yeKurara

Nokuti vana vazhinji vanoda nyaya dzenguva yekurara, dzinopa mukana wakanakisisa wekudzidza vhangeri nekutaura kana kuverenga nyaya kubva mumagwaro matsvene, zvinyorwa zvinoshambadzwa neChechi, kana zviitiko zvemunhu pachake. Nyaya dziri pamusoro pekuvimbika, dzekugoverana, uye dzetsitsi dzinodzidzisa misimboti yevhangeri inokosha.

Kushanda Pamwechete



Mikana mizhinji yekudzidzisa vhangeri inouya apo mhuri dzinenge dzichishanda pamwechete pamba. Pavanenge vachitsvaira nekupukuta mumba kana kushanda muchivanze kana mubindu, semuenzaniso, vabereki vanofanira kugara vachitsvaga mikana yekutaura nezvevhangeri. Mwana kazhinji anobvunza mibvunzo. Vabereki vanofanira kugara vainenguva yekupa mhinduro dzirinyore. Kutaura kwakaita sekuti “Uri mushandi akanaka. Ndine chokwadi kuti Baba Vekudenga vanodada newe” kana “Tarisa makore akanakisa aitwana Baba Vekudenga” kunokwanisa

kupavana manzwiwo ekutenda kuna Baba Vekudenga nevimbiso yekuti Varipo.

Matare eMhuri



Vabereki vanokwanisa kudaidza nhengo dzemhuri pamwechete mudare remhuri. Mhuri dzinokwanisa kushandisa matare aya kumisa zvinangwa zvemhuri, kugadzirisa matambudziko emhuri, kukurukura zvemari, kuita zvirongwa, kutsigirana nekusimbisana, kupa uchapupu, nekunamatirana. Dare rinokwanisa kuitwa chero pese parinodikanwa. Vabereki vangangoda kuita dare remhuri musu weSvondo wegawega kana kubatanidza nenguva yemhuri pamba manheru. Rukudzo rwepfungwa nemanzwiwo evamwe zvakakosha pakubudirira kwematare emhuri.

Hurukuro Muruvande

Vabereki vazhinji vanoona kuti kuita hurukuro muruvande nguva nenguva

nemwana ega-ega zvinovabatsira kuita ukama huri padyo nevana vavo, kuvakurudzira, nekuvadzidzisa vhangeri. Hurukuro idzi dzinogona kuve dzinonyatso garirwa pasi kana dzakasununguka uye dzinogona kuitwa kakawanda.



Mubereki anofanira kutaura rudo rwake nevimbo mumwana, uye mwana anofanira kuva nemukana wekutaura manzwiwo ake pamusoro penyaya, dambudziko, kana chiitiko. Mubereki anofanira kunyatsoteerera uye anofanira kutora matambudziko nezvakavanzika zvemwana sezvinhu zvakakosha. Mubereki nemwana vangangoda kunamata pamwechete. Matambudziko anobva muhurukuro anobatanidzira dzimwe nhengo dzemhuri anogona kuzokururwa munguva inotevera yemhuri pamba manheru.

Mitambo yeMhuri

Vabereki vanofanira kugara vachiro-nga nguva dzekuti mhuri yose iite zvinhu pamwechete. Mapikiniki, kunoita musasa mumatende, kuita zvirongwa zvemhuri, basa remumba nerepachivanze, kunotuhwina, kunofamba musango, nekuoona mafirimu akanaka nezvimwe zvekuzvifadza zvimwe zvishoma zvemitambo

mizhinji zvekuti mhuri dzinokwanisa kunakirwa nazvo pamwechete.

Mhuri inonakirwa nemitambo pamwechete inozonzwa rudo rukuru nokuwirirana. Vana vanozoda zvakanyanza kuteerera kuvabereki vavo nekutevera rairo yavo kana vachinzwa kuva padyo navo. Vabereki vanozokwanisa kudzidzisa vhangeri zvinobudirira.



Kuzadzikisa Mabasa eMhuri



Chinangwa cheChechi yaIshe ndechekubatsira vanhu vese kuuya kuna Kristu. Mhuri dzinokwanisa kubatsira kubudirira kwechinangwa ichi pavano:

1. Zviwanira zvavanoda zvemweya nezvenyama nekubatsira kuzadzikisa zvinodikanwa nevamwe.
2. Goverena vhangeri nevamwe.
3. Ona kuti nhengo dzemhuri dzagashira zvisungo zvetemberi nekubatsira pakupa maropafadzo aya kumadzitateguru avo akafa.

Zvinodikanwa zveMweya nezveNyama

Zvinodikanwa zveMweya

Chikamu chekumashure chebhuku rekutungamira rino chinoti, “Kudzisa Vhangeri Mumba,” chine ruzivo rwemawaniro angaita mhuri zvavanoda zvemweya.

Zvinodikwana zveNyama

Mhuri dzinofanira kuva dzinozviriritira kuitira kuti dzikwanise kuzviwanira zvavo pachavo zvavanoda zvenyama nekubatsira vamwe. Kuti uve unozviriritira unofanira kuda kushanda. Basa isimba renyama, pfungwa, kana mweya. Ndopanobva kubudirira, rufaro, rudado neupfumi.

Vabereki vanofanira kuedza kuzviriritira uye vanofanira kudzidzisa vana vavo zvimwechetezvo. Kuva vanozviriritira kunozoita kuti vakwanise kubatsira avo vanoshaya.

Vanababa ndivo vanebasa rekupa zvinodikanwa zveupenyu nedziviri yemhuri yavo. Vanaamai basa ravo kunyanya nderekurera vana. Vabereki vanoona kuti mhuri ine imba yakachena, kudya kwakanaka, mbatya, zvekurapwa kwemuviri nemazino, mikana yedzidzo, ruzivo rwekuchengeta mari, uye kana zvichikwanisika, dzidziso yekurima kumwe kudya kwavo. Vabereki vanofanira kudzidzisa vana vavo magadziriro ekudya kwavo nenzira yekukuchengetedza kuitira kuzoshandisa pamberi.

Vabereki vanofanira kuda kushanda zvakasimba kuti vape zvinodikanwa zvenyama izvi. “Zve hamuzoita kuti vana venyu vagare nenzara, kana kusasimira” (Mosia 4:14). Vabereki vanofanira kuronga nekugadzirira kupa zvinodikanwa zvemhuri munguva dzhurwere, tsaona, kusa-sevenza, kana zvimwe zvinonetsa. Kana baba vachinetseka kupa zvinodikanwa zvenyama zvemhuri yavo uye kana dzimwe nhengo dzemhuri dzisingakwanise kubatsira, vanga-gona kutsvaka rubatsiro kuburikidza nevatungamiri vehupirisita.

Vana vanokwanisa kubatsira kupa zvinodikanwa zvemhuri nekubatsira vabereki vavo nebasa ravo, kudzidza zvakanaka muchikoro, kuchengeta

zvakanaka mbatya dzavo nezvinhu zvavo, kuzvichengeta ivo pachavo nemumba mavo makachena makatsvinda uye nekuchengetedza hutano hwakanaka.

Nhengo dzemhuri dzinofanira kunatsa kwaniso yavo yekuverenga, kunyora, nekuita masamhu arinyore uye vanofanira kushandisa mukana wose wekuvana ruzivo nekunatsa umhizha hwavo. Vanofanira kuteerera Izwi reUchenjeri nekudya zvekudya zvizere neutano. Pazvinokwanisika, mhuri dzinofanira kurongedza zvinhu zvinokosha zvinodikanwa kuraramisa upenyu zvinopedza gore kana zvakananda zvinokwanisika. Nhengo dzemhuri dzinofanira kudzivirira chikwereti chisingadikanwe, kuchengetedza mari yeramangwana, kuzadzikisa sungiro dzavo dzose, nekushandisa zvinhu zvavo zvakachenjera, dzichidzivirira kupfachura.

Vabereki vanofanira kudzidzisa vana vavo kugoverana nevamwe. Wese munhu anokwanisa kupa chimwe chinhu, zvisinei nokuti vane zvishoma zvakadii. Imwe nzira yekubatsira vanoshaya ndeyekutsanya mwedzi wega-wega uye mopa kumipiro yekutsanya, inoshandiswa kupa kudya vanenzara, kupa pokugara vasina dzimba, kupfekedza vasinakusimira, nekuzorodza vanotambudzika. Tinoratidza rudo rwehu kunalshe kana tichibatsira vamwe. Vakati, “Pamazviitira mumwe wevafu vehama dzangu idzi, mazviitireni” (Mateo 25:40).

Kugovera Vhangeri

Ishe, kuburikudza nevaporoifita Vavo vamazuva ekupedzisira, vakadzidzisa kuti nhengo yese yeChechi inebasa rekugoverana nevamwe vhangeri. “Ibasa remunhu wese akayambirwa kuti ayambire muvaki-dzani wake. (Ona D&C 88:81)” Aruma muporoifita mubhuku raMormoni, akatsanangura kuti kana tabhabhatidzwa tinofanira kuda “kumira sevapupuri vaMwari panguva dzose muzvinhu zvose nomunzvimbo dzose dzamunenge muri” (Mosia 18:9).



Nhengo dzemhuri dzinofanira kuita zvose zvadzinokwanisa kubatsira hama dzavo, shamwari, nevavakidzani kudzidza pamusoro pevhangeri raJesu Kristu nemaropafadzo arinokwanisa kuunza muupenyu hwavo. Nekugovera vhangeri vabereki nevana vanokwanisa kusimbisa uchapupu hwavo pachavo nekuunza maropafadzo evhangeri kune vamwe. Mhuri dzinokwanisa:

- Kuvamienzaniso nekuteerera mirairo (ona Mateo 5:16).
- Kutenda nehunhengo hwavo muChechi (ona VaRoma 1:16) nekuita kuti vamwe vanhu vazive kuti inhengo.
- Kubvunza vavanoziva kana vachida kuziva zvakawanda nezveChechi.
- Kukumbira Ishe kuti vavabatsire kusarudza mhuri kana munhu agadzirira kunzwa vhangeri.
- Kusuma neimwenzira mhuri kana munhu kuChechi, zvakaita sekuvakokwa kunguva yemhuri pamba manheru kana kumusangano kana chiitiko cheChechi, kuvapa mabhuku eChechi kana tubhuku tudiki kuti vaverenge, kana kutaura navo nezvamaropafadzo evhangeri.
- Kukoka mhuri kana munhu mumba mavo kuti adzidziswe nevashumiri.

Vabereki vanebasa rekuzvigadzirira nevana vavo kuti vagoshanda muushumiri huzere. Kugadzirira vana, kunyanya vanakomana, vabereki vanofanira kudzidzisa vhangeri mumba, kudzidza magwaro matsvene nekuita minamoto munhu ega uye semhuri, nekutaura kakawanda pamusoro pemabasa nemaropafadzo ekugovera vhangeri. Vanokwanisa kudzidzisa vana vavo kuchengetedza mari yeushumiri, kushanda nesimba, kuva vanozviriritira, uye kuda neku-shandira vamwe vanhu.

Zvisungo zveTemberi zveVapenyu neVakafa



Mutemberi, nhengo dzeChechi dzakakodzera dzinogashira zvisungo zvinnoera dzichipinda muzvibvumirano naMwari. Vanoitawo basa rezvisungo remadzitateguru avo akafa. Pazvinokwanisika, baba naamai vanofanira kuwana mumwe nemumwe tsamba yekodzera yekupinda mutemberi kubva kuvatungamiri vavo vehupirisita uye voenda kutemberi kunogashira zvisungo zvavo zvetemberi. Kana vasingakwanise kuenda kutemberi, vanofanira kurarama zvakakodzera kuti vave netsamba yekodzera yekupinda mutemberi.

Mhuri dzine basa rinoera rekuona kuti zvisungo zvetemberi zvaitirwa madzitateguru avo vakafa vasina kugashira. Nhengo dzeChechi dzakagashira zvisungo zvadzo dzinofanira kudzokera kutemberi kakawanda sekubvumira kunoita nguva, makwanisiro, nekuvapo kwetemberi kunoita zvisungo zvemadzitateguru avo.

Vanababa navanaamai vanofanira kuunganidza zvinyorwa zvezviitiko zvinokosha muupenyu hwavo nemuupenyu hwevana vavo, kusanganisa zvitupa zve maropafadzo, zverubhabhatidzo, zvekugadzwa, zvemuchato, nezverufu; tsamba dzinokosha; mifananidzo; zvinyorwa zvakabviswa mumapepa nhau; nezvimwe zvinhu zvakadaro. Vanofanira kunyora nhorondo dzavo pachavo uye vanofanira kukurudzira nhengo yemhuri yega-yega kuchengeta nhorondo yayo pachayo. Vanofanira kubatsira vana vadiki kutanga nhorondo dzavo pachavo.

Mhuri dzinofanira kuunganidza ruzivo pamusoro pemadzitateguru avo vorunyora munhorondo yemhuri. Vanofanira kutanga nekunyora ruzivo pamusoro pezvizvarwa zvina kubva pavari ivo.

Kudzidzira Hutungamiri



Vari pasi pekungamirwa nevatumgamiri vehoko, veushumiri, kana vedunhu, vatungamiri vehupirisita nevemapato vanodzidzisa vabereki kunzwisisa nekuita mabasa matatu anokosha emhuri (ona peji 13–16). Vatungamiri vanofanira kudzidzisa anababa naanaamai matungamiriro emhuri dzavo. Kana mhuri ichigara kunzvimbo irikwayoyega kure neChechi, vatungamiri vehoko, veushumiri, kana vebazi vanofanira kuona kuti vabereki vanodzidza uye vanozadzikisa mabasa avo.

Kuita Minamoto yeSvondo Kumba (Zvemhuri Dzinogara muNzvimbo Dziri Kwadzo Dzega Kure neChechi)



Dzimwe mhuri dzinogara kunzvimbo dziri kwadzo dzega kure neChechi uye hadzikwanise kupinda misangano yewadhi kana bazi nguva nenguva. *Nemvumo inobva kumutungamiri wehoko, weushumiri, kana wedunhu* mhuri dzakadai dzinofanira kuita misangano yeminamoto yeSvondo mumba mavo. Munzvimbo dzisina zviumbu zveChechi zvakamiswa, mhuri dzinoda mvumo yeMutungamiri weDunhu.

Baba kana mumwe anehupirisita anogadzira nekunamatira sakaramendi kana akakodzera, kana ari mupirisita muHupirisita hwaAroni, kana kuti aine Hupirisita hwaMerkizedeki, uye aine *mvumo kubva kuvatungamiri vake vehupirisita*. Wese ane hupirisita anogona kufambisa sakaramendi. Mirairo yekunamatira sakaramendi iri papeji 23–25 mubhuku rino rekutungamira.

Musangano wemunamoto weSvondo unofanira kuva nyore, uneruremekedzo, nekudzikama. Ungangove ne:

1. Rumbo rwekuvhura
2. Munamoto wekuvhura
3. Kunamatira nekufambiswa kwesakaramendi
4. Chimwechete kana kupfuura chezvinhu zvinotevera
 - Nhaurwa pfupi imwechete kana mbiri kana uchapupu
 - Kuverenga magwaro matsvene nekukurukura semhuri
 - Chidzidzo nenhengo yemhuri
5. Rumbo rwekuvhara
6. Munamoto wekuvhara

Mukuronga musangano wemunamato weSvondo, vabereki vanofanira kutsvaga nekutevera nhungamiro yeMweya waIshe. Vanhu veBhuku raMormoni vakapa muenzaniso wemusangano werudzi urwu: “Uye misangano yavo yaitungamirirwa... sekushanda kweMweya, uye nesimba roMweya Mutsvene; sokutungamirirwa kwavaiitwa neMweya Mutsvene kuparidza, kana kukurudzira, kana kunamata, kana kukumbira vakazvinipisa, kana kuimba, zvakadaro zvaiitwa” (Moroni 6:9).

Mhuri inofanira kushandisa magwaro matsvene senhungamiro yavo inokosha. Pamusoro pezvo, vanogona kushandisa nhaurwa dzemisangano mikuru yeChechi yose, *Gospel Fundamentals, Gospel Principles, True to the Faith, For the Strength of Youth*, tubhuku tudiki tvevashumiri, mamagazini eChechi, nezvimwe zvinyorwa zvakashambadzwa neChechi nezvinhu zvekuona nekuteerera (semadvd).

Kana pasina mumhuri ane hupirisita hwakakodzera, baba naamai vanogona

kuunganidza nhengo dzemhuri pamwechete kuti vaimbe nziyo, vaverenge magwaro matsvene, vanamate, uye vanzwe kubatana pamwechete semhuri uye vaswedere padyo naBaba Vekudenga. Mutungamiri wehupirisita akarongerwa kumirira mhuri anofanira kuronga mikana nguva nenguva yekuti mhuri igashire sakaramendi.

Vabereki vanofanira kuva nemitambo pakati pesvondo, yakaita sekufamba musango, mapikiniki, mafirimu akanaka, kushanyira hama, masipotsi, zvirongwa zvemumhanzi, nekutuhwina.

Mhuri inofanira kupa chegumi, mipiro yekutsanya, nezvimwe zvipo kumutungamiri wavo wehupirisita akarongerwa kuvamirira.

Mhuri hainyore maripoti kuChechi, asi mutungamiri wavo wehupirisita akarongerwa kuvamirira anoita hurukuro nababa nguva nenguva, achivakumbira kuti vataure kuti mhuri iri sei. Pazvinodikanwa, vatungamiri vanogona kuita hurukuro idzi nerunhare.

Zvisungo neMaropafadzo eHupirisita



Zvisungo zveHupirisita zviito zvinopera zvinopihwa nalshe uye zvinoitwa nemvumo yehupirisita. Maropafadzo ehupirisita anopihwa nemvumo yehupirisita ndeekurapa, kunyaradza nekurudzira. Varume vanoita zvisungo nemaropafadzo vanofanira kuzvigadzirira nekurarama maererano nemisimboti yevhangeri nekuvavarira kutungamirirwa neMweya Mutsvene. Vanofanira kuita chisungo neropafadzo rega-rega munzira yakadzikama uye vachitevera zvinodikanwa zvinotevera; chisungo chinofanira:

1. Kuitwa muzita raJesu Kristu.
2. Kuitwa nemvumo yeHupirisita.
3. Kuitwa nenzira dzinodikanwa, dzakaita sekushandisa mazwi akatarwa kana kushandisa mafuta akapirwa.

4. Kubvumirwa nemutungamiri wehupirisita akarongerwa ane makii acho chaiwo, kana zvichidikanwa.

Zvisungo zvinoda mvumo yemutungamiri wehupirisita ndezvekupa vana zita nekumuropafadza, kuita rubhabhatidzo nesimbiso, kugadza hupirisita nekuisa kuchigaro chehupirisita, kunamatira nekufambisa sakaramendi, nekupira makuva.

Apo varume vakati kuti pavanenge vachitora chinhano muchisungo kana ropafadzo, mumwe nemumwe anoisa ruoko rwake rweruboshe zvinonyoro nyoro pafudzi rabhuradha ari kuruboshe kwake. Tsika yekukoka huwandu huzhinji hwevane hupirisita kuti vabatsire inorambidzwa.

Zvisungo neparopafadzo zvakatsanangurwa muchikamu chino zvinobatsira vanababa kushanda sevatori vechinhano mumhuri dzavo.

Kupa Zita neKuropafadza Vana



“Nhengo yese yeChechi yaKristu ane vana anofanira kuunza vana vavo pamberi peChechi, kumagosa, avo vanofanira kuisa maoko avo pamusoro pavo muzita raJesu Kristu vachivaropafadza muzita reMuponesi. (Ona D&C 20:70.)” Mukuteerera chakazarurwa chino, varume chete vakakodzera vane Hupirisita hwaMerkizedeki vangatore chinhano mukupihwa zita nekuropafadza vana. *Chisungo chekupazita nekuropafadza vana chinoda mvumo kubva kumutungamiri anenge achitungamira.*

Pakuropafadza mwana mucheche, varume vane Hupirisita hwaMerikizedeki vanoungana vakaita dendredzwa vobata mwana mucheche uyu mumaoko avo. Pakuropafadza mwana akura, varume vanoisa maoko avo zvinoronyoro pamusoro wemwana.

Munhu anopa ropafadzo racho:

1. Anotaura kuna Baba Vekudenga.
2. Anotaura kuti ropafadzo ririkupihwa nesimba reHupirisita hwaMerkizedeki.
3. Anopa mwana zita
4. Anopa ropafadzo rehupirisita sekutungamira kunenge kuchiita Mweya.
5. Anovhara muzita raJesu Kristu.

Rubhabhatidzo



Pasi pehungamiri hwemutungamiri anenge achikutungamira, mupirisita akakodzera kana murume ane Hupirisita hwaMerkizedeki anogona kuita rubhabhatidzo. Kuti aite izvozvo, ano:

1. Mira mumvura nemunhu arikuzobhabhatidzwa.
2. Kuti zviitwe zvakanaka uye kudzivirira njodzi, anobata ruoko rwerudyi rwemunhu wacho (pachiningongo) neruoko rwake rweruboshwe; munhu arikubhabhatidzwa anobata ruoko rweruboshwe (pachiningongo) rweuyo

arikuita rubhabhatidzo neruoko rwake rweroboshwe.

3. Simudza ruoko rwake rwerudyi.
4. Taura zita rizere remunhu uye oti, “Nekunge ndapihwa mvumo naJesu Kristu, ndinokubhabhatidza muzita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene. Amenii” (Ona D&C 20:73).
5. Ita kuti munhu abate mhuno neruoko rwerudyi kuti mvura isapinde mumhuno; anenge achiita rubhabhatidzo anoisa ruoko rwake rwerudyi kumusoro pamusana wemunhu uye omunyika muviri wese kusanganisa mbatya dzemunhu iyeye.
6. Batsira munhu kubuda mumvura.

Vapirisita kana varume vaviri vane Hupirisita hwaMerkizedeki vanoona rubhabhatidzo rwega-rwega kuva nechokwadi chekuti rwunoitwa nemazvo. Rubhabhatidzo rwunofanira kudzororwa kana mazwi asinakutaurwa zvimwechetezvo chaizvo sezvakapihwa muDoctrine and Covenants 20:73 kana kunge nhengo yemuviri wemhunhu kana chipenga chembatya dzake zvisina kunyudza zvakazara. Munhu arikubhabhatidzwa nemunhu arikuita chisungo chacho vanofanira kupfeka mbatya chena dzisingaonese zvirimukati kana dzanyorova.

Kusimbisa

Vatendeuki vane makore mapfumbamwe kana kupfuura neavo vane makore masere vane vabereki vavo vese vasiri nhengo vanosimbiswa mumusangano wesakaramendi

(ona D&C 20:41). Vana vane makore masere vanokwanisa kusimbiswa pakarepo mushure merubhabhatidzo panzvimbo yavabhabhatidzirwa kana mumwe wevabereki ari nhengo yeChechi uye vese vabereki vava mvumo yekubhabhatidzwa nekusimbiswa. Pasi pekutungamira kwabishopi kana mutungamiri webazi, murume mumwechete kana kupfura vaneHupirisita hwaMerkizedeki vanokwanisa kuita chisungo ichi. Vanoisa maoko avo zvinyoronyoro pamusoro pemunhu wacho. Uyo anoita chisungo chacho:



1. Anotaura zita rizere remunhu wacho.
2. Anotaura kuti chisungo chirikuitwa nemvumo yeHupirisita hwaMerki-zedeki.
3. Anosimbisa munhu wacho senhengo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupezisira.

4. Anopa chipo cheMweya Mutsvene nekutaura kuti, “Gashira Mweya Mutsvene.”
5. Anopa ropafadzo rehupirisita sekutungamirwa kwaanoitwa neMweya.
6. Anovhara nezita raJesu Kristu.

Kupa Hupirisita neKugadza muZvigarozveHupirisita



Bishopi kana mutungamiri webazi anoona zvekupihwa kweHupirisita hwaAroni nekugadzwa muzvigarozvemudhikoni, mudzidzisi, nemupirisita. Munhu asati agadzwa muchigaro muHupirisita hwaAroni, anofanira kutaurwa naye nabhishopi kana mutungamiri webazi uye agowanikwa akakodzera. Zvakarewo, anofanira kutsigirwa mumusanganano wesakaramendi. Nemvumo yabhishopi kana mutungamiri webazi, mupirisita anokwanisa kupa Hupirisita hwaAroni panemumwe munhu uye nekumugadza muchigaro cheHupirisita hwaAroni.

Mutungamiri wehoko kana wehushumiri anoona zvekupihwa kweHupirisita hwaMerikezedeki nekugadzwa muzvigarozvagosanemupirisita wepamusoro.

Kupa hupirisita kana kugadza munhu kuchigaro chehupirisita, murume mumwechete kana kupfuura vane hupirisita hunodikanwa uye vabvumirwa nemutungamiri aripachigaro vanoisa maoko avo zvinyoronyoro pamusoro wemunhu. Uyo anenge achiita chisungo:

1. Anodaidza munhu nezita rake rizere.
2. Anotaura mvumo (Hupirisita hwaAroni kana hwaMerkizedeki) irikushandiswa pakuitwa kwechisungo.
3. Anopa Hupirisita hwaAroni kana hwaMerkizedeki, kunze kwekunge hwapihwa pashure.
4. Anogadza munhu kuchigaro muHupirisita hwaAroni kana hwaMerkizedeki uye anomupa kodzero, masimba, nemvumo yechigaro ichocho.
5. Anopa ropafadzo rehupirisita sekutungamira kweMweya.
6. Anovhara muzita raJesu Kristu.

Sakaramendi

Sakaramendi chisungo chinoera zviku. Kudyasakaramendi kunopa mukana wekuyeyuka upenyu, dzidziso nerudzikinuro rwaJesu Kristu. Inguva yekuvandudza zvibvumirano zvakaitwa naIshe panguva yerubhabhatidzo (ona Mosia 18:8–10).

Vadzidzisi nevapirisita vanokwanisa kugadzira sakaramendi; vapirisita vanokwanisa kuiropafadza; uye madhikoni, vadzidzisi nevapirisita vanokwanisa kuifambisa. Varume

vane Hupirisita hwaMerkizedeki vanokwanina kugadzira, kuropafadza, nekupa sakaramendi asi kazhinji vanoita izvozvo chete kana varume vane hupirisita hwaAroni varipo vari vashoma. Kana munhu aita chitadzo chikuru, haafanire kugadzira, kuropafadza kana kupa sakaramendi kusvikira atendeuka uye agadzirisa nyaya yacho nabhishopi vake kana mutungamiri webazi.



Avo vanogadzira, vanoropafadza, kana vanopa sakaramendi vanoitira vamwe chisungo ichi vakamirira Ishe. Mumwe nemumwe ane hupirisita anofanira kuita basa iri, nehunhu hwakatsiga nekuremekedza. Anofanira kunge achiratidzika zvakanaka, akachena uye akapfeka zvakanaka. Kuratidzika kwemunhu kunofanira kuratidza kuera kwechisungo ichi.

Varume vanogadzira sakaramendi vanofanira kuita izvozvo musangano usati watanga. Vanoisa chingwa chisina kudimburwa mumatireyi echingwa akachena uye voisa matireyi emakapu esakaramendi anemvura yakachena patafura yesakaramendi. Vanofugidza chingwa nemvura nejira jena, rakachena.

Panguva yekuimbwa kwerwiyo rwe-sakaramendi, avo varipatafura yesakaramendi vanobvisa jira kubva pamatireyi echingwa vachidimbura kuita zvidimbu zvidiki. Mushure merwiyo, munhu anoropafadza chingwa anopfugama oita munamato wesakaramendi wechingwa. Zvino varume vanopa chingwa kune avo varipo nenzira ineruremekedzo yakana. Mutungamiri pamusangano wacho anotanga kugashira sakaramendi. Kana wese munhu aripo awana mukana wekutora chingwa, avo vanopa vanodzorerwa matireyi avo kutafura yesakaramendi. Avo varikuropafadza sakaramendi vanofugidza matireyi zvakare panongopedzwa kupihwa kwechingwa.

Avo varipatafura yesakaramendi vanobvisa jira kubva patireyi dzemvura. Munhu anoropafadza mvura anopfugama oita munamato wesakaramendi wemvura. Varume zvino vanopa mvura kune avo varipo. Matireyi anodzorerwa kutafura yesakaramendi ofugidzwa zvakare. Varume vanoropafadza nekufambisa sakaramendi vanotora zvigaro zvavo nevanamati.

Sakaramendi ndeye nhengo dzeChechi kusanganisa vana. Munhu anenge achitungamira musangano haafanire kutaura kuti sakaramendi inopihwa kunhengo chete; hapana chinofanira kuitwa kudzivisa vasiri nhengo kuitora.

Minamato yesakaramendi inofanira kutaurwa zvinonzwika, zvazviri chairo, uye nemutsigo. Kana munhu ano-

ropafadza sakaramendi akakanganisa mumazwi uye akarega kuzvigadzirisa iyepachake, bhishopi kana mutungamiri webazi anomukumbira kuti adzokorore munamato wacho uye autauze zvazviri.

Unotevera munamato wechingwa:

“Mwari, Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nokutsvenesa chingwa ichi kumweya yeavo vose vanochidya, kuti vagodya mukurangerira muviri weMwanakomana wenyu, uye vapupure kwamuri, Mwari, Baba Vokusingaperi, kuti vanoda kutora pavari zita reMwanakomana wenyu, nokumurangerira nguva dzose, nokuchengeta mirairo yake iyo yaakavapa; kuti vave neMweya wake nguva dzose kuti uve navo. Amenii” (D&C 20:77 naMoroni 4).

Unotevera munamato wemvura:

“Mwari, Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai, muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nokutsvenesa [mvura] iyi kumweya yeavo vose vanoinwa, kuti vave vanoziita mukurangerira ropa reMwanakomana wenyu, iro rakadeurirwa ivo; kuti vagopupura kwamuri, Mwari, Baba Vokusingaperi, kuti vagomurangerira nguva dzose, kuti vave neMweya wake kuti uve navo. Amenii” (D&C 20:79 naMoroni 5).

Sakaramendi inofanira kubviswa kubva patafura nekukurumidza mushure memusangano. Chingwa chinenge chasara chinogona kushandiswa sekudya.

Kuropafadza nekufambisa sakaramendi kunoda mvumo kubva kune arikutungamira.

Kuropafadza Mafuta

Murume mumwechete (kana kupfura) ane Hupirisita hwaMerkizedeki anoropafadza mafuta chaiwo eorivhi kuitira basa rawo dzvene rekuzodza vanorwara nevanonetseka. Uyo anoropafadza mafuta:

1. Anobata chinhu chine mafuta eorivhi chakavhurika.
2. Anotaura kuna Baba vedu Vekudeंगा.
3. Anotaura kuti arikuzviita nemvumo yeHupirisita hwaMerkizedeki.
4. Anoropafadza mafuta acho (kwete chinhu chaakaiswa) uye oatsaura kuitira kuzodza vanorwara nevanonetseka.
5. Anovhara muzita raJesu Kristu.



Kuropafadza Vanorwara

Varume vane Hupirista hwaMerkizedeki chete ndivo vanokwanisa kuro-

pafadza vanorwara nevanonetseka. Kazhinji, vaviri kana kupfuura vanoropafadza pamwechete, asi mumwechete anokwanisa kuzviita. Kana mafuta akaropafadzwa asipo, murume ane Hupirisita hwaMerkizedeki anokwanisa kupa ropafadzo nemvumo yehupirisita.

Baba vane Hupirisita hwaMerkizedeki vanofanira kuropafadza nhengo dzemhuri yavo dzinorwara. Vanokwanisa kukumbira mumwe murume ane Hupirisita hwaMerkizedeki kuti avabatsire.

Kuropafadza varwere kune zvikamu zviviri: (1) kuzodza nemafuta (2) kusungwa uzodzwa

Kuzodza neMafuta

Murume mumwechete aneHupirisita hwaMerkizedeki anozodza munhu ari kurwara. Kuita izvozo:

1. Anoisisa donwe remafuta akaropafadzwa pamusoro wemunhu wacho.
2. Anoisisa maoko ake zvinyoronyoro pamusoro pemunhu iyeyo odaidza munhu wacho nezita rake rizere.
3. Anotaura kuti arikuzodza munhu uyu nemvumo yeHupirisita hwaMerkizedeki.
4. Anotaura kuti arikuzodza nemafuta akaropafadzirwa kuzodza nekuropafadza vanorwara nevanonetseka.
5. Anovhara muzita raJesu Kristu.

Kusungwa Uzodzwa

Kazhinji, varume vaviri kana kupfuura vane Hupirisita hwaMerkizedeki

vanoisa maoko avo zvinyoronyoro pamusoro pemunhu anorwara. Mumwe wevarume ava anosungwa uzodzwa uhwu. Kuita izvi:

1. Anodaidza munhu wacho nezita rake rizere.
2. Anotaura kuti ari kusungwa uzodzwa nemvumo yeHupirisita hwaMerkizedeki.
3. Anopa ropafadzo sekuraira kweMweya.
4. Anovhara muzita raJesu Kristu.

Maropafadzo aBaba neMamwe Maropafadzo eNyaradzo neRairo



Maropafadzo ababa nemamwe maropafadzo ehupirisita anopihwa kuitira kupa rairo nenyaradzo sekurairwa kunoitwa neMweya.

Baba vane Hupirisita hwaMerkizedeki vanokwanisa kupa maropafadzo ababa kuvana vavo. Maropafadzo akadayi anonyano batsira apo vana pavanenge vavakubva pamba, sezvakaita kuenda kuchikoro kana kuenda

kuushumiri, kana pavanotanga kushanda, pavanochata, pavanoenda kuchisoja, kana pavanotarisanana nezvinetso zvavo pachavo zvisiri zvemazuva ose. Maropafadzo aya anokwanisa kuva simba guru kumhuri. Mhuri inokwanisa kunyora pasi ropafadzo rababa kuitira zvinyorwa zvemhuri, asi hazvichengetedzwe muzvinyorwa zveChechi. Vabereki vanofanira kukurudzira vana kuti vakumbire maropafadzo ababa munguva dzaanodikanwa.

Varume vakakodzera vane Hupirisita hwaMerkizedeki vanokwanisawo kupa maropafadzo enyaradzo nerairo kuvakadzi vavo, kunhengo dzemhuri dzekunze, nekune vamwe vanoakumbira.

Kupa ropafadzo rababa kana mamwe maropafadzo enyaradzo nerairo, murume ane Hupirisita hwaMerkizedeki ari ega kana aine mumwe murume mumwechete kana kupfuura vakakodzera vane Hupirisita hwaMerkizedeki anoisa maoko ake zvinyoronyoro pamusoro pemunhu arikugashira ropafadzo racho. Hapana mafuta anodiwa paropafadzo rakadai. Uyo anenge achipa ropafadzo:

1. Anodaidza munhu wacho nezita rake rizere.
2. Anotaura kuti arikupa ropafadzo nemvumo yeHupirisita hwaMerki-zedeki.
3. Anopa ropafadzo sekuraira kweMweya.
4. Anovhara muzita raJesu Kristu.

Kukumikidza Makuva

Munhu anokumikidza guva anofanira kuva neHupirisita hwaMerkizedeki uye *anofanira kupihwa mvumo neane hupirisita anenge achitungamira munamato wacho.*

Kukumikidza guva:

1. Anodaidza Baba Vekudenga,
2. Anotaura kuti arikukumikidza guva iri nemvumo yeHupirisita hwaMerkizedeki.
3. Anokumikidza nekuropafadza nzvimbo yekuvigwa senzvimbo yekuzorora yemuviri wemufi.
4. Pazvinokodzera, anonamata kuti nzvimbo iyi inozovatsvene uye ichidzivirirwa kusvikira Kumuka Kuvakafa.
5. Anokumbira Ishe kuti vanyaradze mhuri uye otaura zvimwe zvinhu sekuraira kweMweya.
6. Anovhara muzita raJesu Kristu.

Kana mhuri ichida, munhu (kana zvichibvira murume ane Hupirisita hwaMerkizedeki) anokwanisa kupa munamato wepaguva kunze kwemunamato wekukumikidza.

Kuwana Zvekushandisa zveChechi neKutsvaga Ruzivo pamusoro peNhorooondo yeMhuri

Vatungamiri vemunzvimbo nedzime nhengo vanokwanisa kuwana zvekushandisa zveChechi, kusanganisa magwaro matsvene, makosi eku-dzidza, mamagazini eChechi, nguo, nezvipfeko zvemutemberi, kubva kunzvimbo yavo inotengeserwa zve-Chechi kana nzvimbo yerubatsiro, kubva kuSalt Lake Distribution Center (Nzvimbo yokutenga yeSalt

Lake) Kana nepaindaneti yeChechi. (Church's official internet site) inowanikwa pa www.lds.org.

Ruzivo pamusoro pebasa renhorooondo yemhuri runowanikwa paIndaneti yeChechi yeNhorooondo yeMhuri (Church Family History Internet site) inowanikwa pa www.familysearch.org.

CHECHI
YAJESU KRISTU
YAVATENDI
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

